



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN REKONSTWIKSYON TWA PON POU
58 MILYON DOLA NAN WOUT TRANZISYON LONG ISLAND
EXPRESSWAY/GRAND CENTRAL PARKWAY LAN
KI NAN QUEENS**

***Sikilasyon an nan Konfigirasyon Final Li Nèf Mwa Anvan Dat Ki Te Pwograme
an, Sa Ki Ap Amelyore Sekirite ak Trafik Sikilasyon yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmman travay majè yo nan rekonstwiksyon twa pon pou 58 milyon dola nan Wout Tranzisyon Long Island Expressway (LIE)/Grand Central Parkway lan (GCP), menm jan ak amelyorasyon sou otowout ki sou LIE an ki ant GCP an ak College Point Boulevard, ki nan Queens. Pwojè a te kòmanse nan sezon prentan 2015.

“Amelyorasyon vital sa yo pral ede redwi anbouteyaj nan wout tranzisyon chaje sa pou otomobilis yo pandan l’ap ofri sila yo ki ap vwayaje ale nan LaGuardia ak JFK yon vwayaj ki pi komòd”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou modènize epi ranfòse enfrastrikti transpò Queens yo, nou ap ede reponn a demann vwayajè 21èm syèk yo pandan ke n’ap favorize kwasans ekonomik pou tout Empire State lan okonplè.”

Sikilasyon nan wout tranzisyon chaje sa te deplase nan konfigirasyon final li semèn sa epi yo pral konplete travay finisyon yo nan pwojè a pandan sezon prentan sa. Anviwon 350,000 veyikil pase atravè wout tranzisyon enpòtan sa chak jou.

Pon ki te rekonstwi yo gen ladan yo liy prensipal LIE an ki sou GCP a, menm jan ak wout sèvis ki nan direksyon lès ak lwès LIE yo ki sou GCP an. Yo te ranplase platfòm ak estrikti an asye yo pou toulètwa pon yo, epi yo te elaji pon yo pou kapab kreye akotman kote ki pa’t genyen yo. An plis, pou kapab ranfòse mobilite nan direksyon lwès lan, yo te pwolonje wout antre ki soti nan wout Van Wyck Expressway lan pou ale nan direksyon lwès liy prensipal LIE an, sa ki ap bay yon distans fizyon ki pi long epi redwi anbouteyaj sikilasyon yo.

Yo te enstale modènizasyon nan ekleraj yo sou liy prensipal LIE an ak wout sèvis yo ki ant College Point Boulevard ak GCP an, menm jan ak anba LIE an nan GCP an. Nouvèl ekleraj LED yo ak kab ki modènize yo te ogmante vizibilite la a epi yo ap ekonomize enèji.

An plis yo te enstale estrikti drenaj yo epi yo te netwaye sa ki egziste yo pou fasilite dlo lapli yo kouri. Modènizasyon nan Sistèm Transpò Entelijan yo (Intelligent Transportation System, ITS), ki ap ede fè piblisite epi jere kondisyon sikilasyon yo, te gen ladan yo nouvo kab ak fib optik yo, yon nouvèl sous kouran pou siyal mesaj elektwonik yo, nouvèl kabin santral ITS yo ak yon nouvo poto pou kamera ki gen 2 nouvo kamera. An plis, yo te repare platfòm an beton Pon LIE an ki sou College Point Boulevard lan epi yo te rekonstwi wout ki nan zòn sa pou amelyore drenaj yo.

Pwojè a te pwogrese nan estaj yo pou minimize entèripsyon sikilasyon yo. Yo te mentni twa liy vwayaj nan chak direksyon pandan konstwiksyon yo.

Yo pral konplete travay finisyon yo nan pwojè a pandan sezon prentan sa, ki gen ladan yo enstalasyon sesyon baryè an beton yo, retorasyon pave, refè sifas otowout yo, ak enstalasyon nouvo makaj pave yo sou liy prensipal LIE an ak wout sèvis yo, menm jan ak restorasyon peyizaj yo. An plis, yo pral rekonstwi sifas otowout ki soti nan 112th Street lan pou rive nan lès College Point Boulevard.

Komisyone Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT), Paul A. Karas, te deklare, “Gouvènè Cuomo ap fè investisman entelijan nan enfrastrikti transpò yo ki nan Vil New York ak atravè eta a. Amelyorasyon ki fèt yo nan Wout Tranzisyon LIE/GCP an yo pral asire ke sikilasyon yo ap vanse an sekirite epi yon fason efikas nan koneksyon enpòtan sa ki nan Queens ak pi lwen ankò”.

Senatè Jose Peralta te deklare, “Wout nou yo bezwen yon enjeksyon investisman ijan pou kapab asire ke yo pa kontinye deteryore. Nou bezwen akselere epi fè de modènizasyon enfrastrikti nou yo yon priyorite. Rekonstwiksyon twa pon sa yo nan wout tranzisyon Long Island Expressway/Grand Central Parkway lan se yon bon pa annavan pou rive atenn objektif modènizasyon wout nou yo pou amelyore sekirite. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou sa ansanm ak lòt pwojè ke li mete an plas yo pou ka amelyore rezo wout nou yo”.

Manm Asanble Daniel Rosenthal te deklare, “Reyamenajman ki fin konplete nan twa pon yo pral gen avantaj imans pou moun ki te eli mwen yo ak vwayajè yo nan fiti. Lokalite sa yo ansanm se yonn nan koridò sikilasyon ki pi chaje nan Eta New York. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak Depatman Transpò an poutèt angajman pèmanan yo nan sekirite ak lonjevite otowout piblik nou yo ki nan Queens”.

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, “Enfrastrikti transpò ki solid epi rezistan sa enpòtan anpil pou kapab favorize ekonomi lokal yo, konekte vwayajè yo ak destinasyon yo, epi ede fè New York pwogrese. Mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak Depatman Transpò Eta a poutèt yo investi nan wout tranzisyon enpòtan sa ki nan Queens epi poutèt yo ofri soulajman pou sikilasyon an ak vwayaj ki pi komòd pou moun New York yo”.

Prezidan Awondisman Queens la, Melinda Katz, te deklare, “Otomobilis ak veyikil komèsyal ki itilize wout tranzisyon Long Island Expressway/Grand Central Parkway lan yo pral santi byento yon diferans konsiderab, gras a akselerasyon pwojè rekonstwiksyon vital sa. Nou ta dwe felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak Depatman

Transpò Eta New York lan pou vwayaj ki pi sekirize epi pi komòd yo, epi poutèt yo fè de rekonstwiksyon sa yon priyorite epi konplete li plizyè mwa anvan dat ke li te pwograme an”.

Manm Konsil Peter Koo te deklare, “Wout tranzisyon LIE/GCP an se yon branch otowout ki enpòtan anpil ki konekte kat kwen nan Queens. Achèvmman pwojè enfrastrikti pou 58 milyon dola sa se egzakteman modèl investisman ke kominote nou an bezwen, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Depatman Transpò Eta poutèt yo depase atant yo epi rive nèt mwa anvan dat ki te pwograme an”.

Manm Konsil Karen Koslowitz te deklare, “Wout tranzisyon sa se yon koneksyon ki enpòtan anpil pou plizyè santèn milye moun New York ki konte sou li chak jou. Ak achèvmman pwojè sa, New York ap ede redwi anbouteyaj sikilasyon yo epi kreye yon vwayaj ki pi fasil pou moun New York yo menm jan ak vizitè yo. Mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak Depatman Transpò Eta New York lan poutèt yo investi nan enfrastrikti transpò vil ak eta nou an yo”.

Manm Konsil Rory Lancman te deklare, “Wout tranzisyon LIE/GCP ki rekonstwi an pral fè yon diferans majè nan kominote nou an nan redwi anbouteyaj sikilasyon yo epi amelyore sekirite otomobilis yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak Depatman Transpò Eta New York lan poutèt yo fè investisman enpòtan sa nan enfrastrikti transpò Queens yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)